

Savoir sans Frontieres

<http://www.savoir-sans-frontieres.com>

JEAN-PIERRE PETIT

SANDRiYON 2000

Tradwi pa : Nahum Saintol




Nan yon wayòm jis kounya san pwoblèm.
Wa Georges byen enkyè




sa Philippe ap fè ankò ?

ou wè jodya, li pa al chase.
Banza li ak flèch li la




Cheval li rete nan etab la.
Kote bèt sa ye menm ?



Kisa ?
Pa di'm li toujou...






Èske ou reyalize ou poko gen madanm e wayòm nan pa gen eritye. Ou konnen, m'kòmanse granmoun.



Wi, papa, men pou mete ansanm yon gason ak yon fanm, fò yo gen menm gou ! Okenn nan fanm ou te prezante'm yo pa gen sousi pou yo vole.

Ak kisa ou pral rekonèt fanm w'ap reve a ? Èske se pral yon fanm zwazo, ou byen yon fanm chovsouri ?

Yon anchantè te di m'ap rekonèt li depi sou premye koudèy la.




gason'm nan fou




L'ap fè move plan. Pandan tan sa ane ap pase... pase....




Mesye, ou pa bezwen tris. Nan tout wayòm nan fò zwazo ra sa egziste kanmenm. Ou dwe jis òganize yon gwo bal nan chato a, kote tout jèn fi ki prè pou marye yo pral envite




Yon bal, hmm... wi,
men se sèlman jèn fi ki
gen ran ki t'ap envite




Se sa.
Men Philippe pa bay
tit prensès yo anpil
enpòtans. Mwen sigjere'w,
pou fasilite bagay yo,
òganize yon **BAL MASKE**




Ke sa fèt konsa. Fikse dat
la e ke sèvitè'm yo al pwoklame
desizyon sa nan tout wayòm nan.



Byen, mesye, m'ap fè sa kounya



Nan wayòm nan te gen yon nèg saj ki te gen
yon pitit fi. Vèf, li te pran pou dezyèm madanm
li yon fanm ki te gen de pitit fi ki te soti nan yon
maryaj li te fè avan. Answit nèg saj sa te vin
mouri. Fanm sa ki te chèche sèlman pou pran
byen li yo te revele'l kòm yon epouvantab bèl mè,
ki te trete bèl fi li a trè mal, lè li te redwi
li kòm yon restavèk ki nan kwizin.






Li te abiye avèk vye rad,
bèl mè a te trete'l trè di,
li te fè chak jou travay ki pi di yo,
li te kanpe sèlman lè lannwit rive.
Li te gen abitud pou l'al chita prè
dife, nan sann yo nan fwaye a.



e se pou sa yo te rele'l
SANDRIYON



Gade, men yon sèvitè wa a.
Kisa li vle ?

Ouvè pou mwen, medam.
Mwen pote yon mesaj de sa
Majeste Wa Georges.



Wa a, Mèt mwen, voye nou nan tout wayòm nan. Le dis nan mwa k'ap vini an tout jèn fi yo dwe rann yo sou envitasyon li, san eksepsyon, pou yon bal maske. Tout jèn fi ki ka marye.

Men twa envitasyon yo, pou twa demwazèl ki lakay ou a.



twa ? men, manman, se nou de sèlman !

twazyèm nan se mwen...



Men wi, Sandriyon gen dwa pou rann li nan bal sa. Degizman li deja la. Li dwe jis vini.



Jou yo pase e dat bal la te rive.
Sèvitè nan chato wa a,





Pou de pitit fi madanm
nan nou te fè mask sou mezi,
akoz longè nen yo

Yo tou de te kostime an prensès,
lè yo espere prens Philippe pral prete
atansyon ak yo



alò, Sandriyon,
karòs la la. Ou si ou
p'ap vini ? Poutan, avèk
degizman'w la, mwen
si ou t'ap reyisi !






Yon bal maske ? Se pa yon zafè leta.
Men mwen pa ka kite 'w ale abiye konsa.
Leve, mwen pral ranje sa.



O, marenn !

An 'n wè, pou ale lakay wa a,
fò 'w gen yon bagay ki trè abiye



Wòb an swa, gan long
an den nwa, lou an velou, hmm...
Men sa ki sanble byen



Men, e envitasyon an !?
Kòman m'pral fè antre nan chato a san kat sa ?
Se bèl-mè'm ki genyen' l !

mwen menm konnen kote li ye.
Li te mete' l nan yon tiwa nan komòd li, nan pwòp chanm li.
Li p'ap fasil pou rebran

de tout fason, madann nan pa' t janm prevwa
pou Sandriyon ale nan bal sa. Kat sa, fò nou vòlè' l
nan men' l.



Men kòman pou' w fè
pou antre nan chanm li san' l
pa kenbe' w ? Li la kounya
e li toujou ap veye trè ta

Kat sa, fò' w al pran' l,
men pa jan' w abiye la.
Fò' m jwenn yon lòt bagay.

MYAW !..



men... kisa ?

Fò'w gen yon kostim ki pèmèt,
lannwit, pou'w vin konplètman
envizib




Féline, lannwit,
konn rann li envizib.
Ou pral jis fè tankou'l



E men li !


O!

San bwi, abiye konsa Sandriyon glise
nan eskalye sonb tou a.





tout bagay pèdi. Li boule envitasyon an







Gras ak yo, kap la pral pote'w anlè e ou pral kapab antre nan fèt la lè ou pral pase sou tèt mi anndan an. Yo pral mennen'w tounen tou isi a. Men tande sa byen



ou dwe pran anlè pou ou avan dènye kou minwi an sonnen, sinon maji a pral gate, e kap la p'ap ka pote'w anlè ankò



mèsi, marenn




e kounye, retire kò'w vit !

e pa bliye !
Douzyèm kou
minwi an !



mwen wè
limyè chato a

alò, sa majeste, bal maske
sa se yon siksè, non ?



gason'w Philippe, gen abitud
tèlman distrè, tèlman absan,
pa sispann danse avèk erityè
ki pi rich nan wayòm nan.



Li gen lè ap byen amize'l efektivman.
Men èske sa vle di nou pral oblije òganize
yon bal maske nan lakou'm chak semèn
pou oblije'l enterese ak lòt bagay ke
ak lachas e ak machin volan li yo.

Men wi, sa gen lè fè'l plezi





O, eskize'm...

?



èske se pa yon... fanm k'ap vole ?

ki vin ateri la, sou pelouz la ?

Vant Saint-Gris, ou se yon fanm chovsouri. Èske ou rive pèse sekrè pou yo vole a ?



Mwen ?
Pa ditou. Se yon senp degizman. Ou dwe t'ap reve lè'w te wè van a swè a leve kap mwen.



men mwen ta jire, poutan,
mwen te wè'w ap ateri
sou pelouz la....

Non, mwen t'ap kouri
sou li lè mwen te etann bò manto mwen.
Mwen... mwen te pran tèt mwen
pou yon vrè chovsouri.

Ou lala,
li te wè'm.
Fò mwen envante
yon bagay.



Èske ou kwè se
yon kesyon pou poze
nan yon bal maske.
Mennen'm danse pito

Kòman...
kòman ou rele ?

mwen sipoze
ou se Roben nan Bwa
an pèsòn ?

Hmm... nou ka di sa



Sandriyon, kiyès ki pa konnen l'ap danse avèk Prens Philippe, li pa wè tan an pase

Souden !..

DONG

O, bondye lè a !..

E byen, kisa, lè a ?

Eskize'm.
Mwen dwe ale, touswit !

Touswit !?!?
Men fèt la fèk kòmanse



Mwen dwe rantrè trè vit

DONG!

men... sa pa fè sans !
Si ou bezwen yon machin,
mwen pral fè moun
mwen yo akonpaye'w



Koute'm ! Eskalye sa pa mennen okenn kote, sinon nan yon teras. Soti chato a se nan direksyon opoze a !?

DONG




Mwen ta renmen wè'w ankò di'm ki kote mwen ka rejwenn ou. Retounen ! Teras sa pa mennen okenn kote !




DONG!





M'ap mande'm kiyès chevalye sa te ye.
San dout mwen p'ap janm konnen



Nan demen, nan palè a, se tèt chaje.



Desideman nou pa gen ase endis pou rejwenn demwazèl sa, ki te disparèt pa anchantman. Lè'n konsidere degizman li te chwazi a, nou pa menm konnen si li te blond ou byen brin. Sèl tay li nou konnen. Sa pa anyen



Majeste, pitit gason'w la damou. Se sa ou te swete non ?

damou, wi, se sa. Men... nou pa konn de kiyès !?



Nou ta ka fè pase yon avi rechèch pandan n'ap dekri kostim li. Men alò tout peronèl nan wayòm nan t'ap aplike ankò


Non, sa t'ap dènye bagay pou fè



Philippe pretann li ka vole anlè



Konplètman ensanse, antisyantifik !

Petèt, men se sèl endis nou genyen










Pandan tan sa, Philippe ap chèche endis






Ale, avanse.
Se jis yon ti rivyè pou
franchi, an'n ale...






Si'm rakonte sa
ak pè siperyè a,
li pral touye'm!



Sou pachemen sa mesaj
la rete yon ti jan lizib.
Erezman m'dwe jis kori je lòt yo.
Avèk pasyans...









Sa rele linèt. Sa pèmèt ou wè pi byen. Kwè'm, sa ka prezante pafwa kèk avantaj pou'w ka eksplòre avni yo



Tan an se tankou
yon kristal atravè li nou
ka gade de kote diferan



men pote jodya bagay
ki vini de avni an ta kapab
kreye anpil dezòd

Merlin, mwen rankontre
yon fanm ki, sanble, konn vole.
Èske sa posib ?



Tann, mwen pral
montre'w yon bagay.
Men ki kote mwen mete'l ?

Ou konnen chapo diyitè
nou yo nan legliz la



Ou konnen yo te
prete anpil akseswa
nan pase a. Kròs yo,
pa egzant, pa lòt
bagay ke sa divinò
women yo te konn
sèvi pou predi avni an,
kwake evèk nou yo
konsève talan sa

Tout bagay gen yon sans.
Mwen te toujou mande'm
ki kote chapo yo a te soti
e mwen fini pa jwenn
repons la nan yon liv ki
vini de yon lwenten avni




Se yon machin volan

Non !?!

Wi, fè,
e mwen pral
demonstre'w sa




Pran yon fèy papye, kare,
e woule'l sou yon nan dyagonal sa yo, byen sere,
lè ou kòmanse avèk yon nan kwen kare a




Jiskaske bò woule
sa ajiste'l egzaktman
sou dyagonal la

Dezyèm operasyon an konsiste nan woule objè a sou li menm
lè ou fikse yon sou lòt de nan kwen yo, gras ak lòt mèchè
sa mwen te rampe nan yon nan vwayaj mwen yo nan avni an.
Yo rele sa riban adezif



Lanse objè a ase delika.
Fò'w kenbe nan pwent ki rete lib la avèk
de dwèt e "poze'l nan lè a" lè ou kominike'l
yon lejè enpilsyon nan sans orizontal





Fabrike avèk swen
e lanse depi yon falèz wo,
anjen an ka pakouri yon lye




An'n retounen nan fanm
sa mwen te pale'w la. Lè li te vole
a, li te pèdi sa. Èske se rin majik
yo ye ? Chyen'm nan te manje
mwatye ladan e mwen doute nou
ka jwenn yon bagay ladan, non ?




Non, se pa rin yo ye. Se sa moun nan avni an rele yon **KOD-BA**
se yon ekriti etranj, ki fè, si'l manke yon pati, mesaj la pa
chanje pou otan, nan kondisyon tout ba yo rete vizib.



Èske ou ka dekrifte
fòmil majik sa ?




Wi, men mwen p'ap
ka fè'l devan'w. Kite'm
rante yon ti moman
nan laboratwa'm



Vwala. Mesaj la te di: den nwa, pwen ti 34
san katre ven dis nèf fran. Fò'w ta fou pou'w depanse plis.



Mwen la.
Se pwen ti soulye'l. Mèsi
Merlin. M'prale kounya.




Fou, chèche tout jèn fi
ki te prezan nan bal sa e ki te
gen soulye pwen ti trann kat.



e di yo pou yo rejwenn soulye yo
te pote jou swa sa, nan bal la!

Pita...





MEN WI ! Se eskapen den nwa sa yo pitit fi'm nan
te pote nan bal wa a, jou swa sa e ke souyon sa te vòlè'l.
Nou te chèche yo tout kote. Remèt yo touswit !





Sa p'ap
pase konsa !

Tann!



Op ! Sandriyon transfòme an...
chovsouri !





Se li,
se chovsouri' m nan.

KISA !?!



Sa ki konnen
sekrè pou pèmèt ou
monte nan syèl

Mwen patan
pou tout eksperyans yo

FEN